



Cambridge Health Alliance  
A COMMUNITY OF CARING

## AVÈTISMAN SOU ZAFÈ PRATIK KONFIDANSYÈL

Dat avètisman sa a ap antre an efè:  
14 Avril, 2003

**AVÈTISMAN SA A PALE DE FASON YO KA ANTRE NAN DOSYE W EPI UTILIZE ENFÒMASYON MEDIKAL OU AK KIJAN OU KAPAB FÈ POU JWENN ENFÒMASYON SA A. TANPRI LI L AVÈK ANPIL ATANSYON.**

### REZIME

Yo voye Avètisman sou zafè Pratik Konfidansyèl ba ou pou konfò ou. Silvouplè li Avètisman sou zafè Pratik Konfidansyèl pou jwenn detay konplè.

Lè w resevwa swen medikal nenpòt kote nan *Alliance* lan, moun ki ba ou swen yo kreye yon dosye ki genyen enfòmasyon medikal ou. Dosye sa a genyen enfòmasyon sou istwa medikal ou, ekzamen ou te fè, swen ou te resevwa, epi ki rezilta yo te jwen n. Nou genyen enfòmasyon sou fason ou peye pou swen yo tou. Enfòmasyon medikal avèk enfòmasyon sou fason w peye bil lopital yo genyen enfòmasyon sou sante w ki pwoteje “PHI” (se sa yo rele an Anglè “protected health information”). Nòt sa a pale de kijan nou itilize epi pataje PHI a, epi tou dwa ou genyen.

### **Seksyon A: Enfòmasyon nou kapab pataje san otorizasyon ou**

#### **1. Nou kapab sèvi avèk enfòmasyon medikal ou pou nou kapab ba ou tretman.**

Moun ki ap ba ou swen yo bezwen genyen enfòmasyon sou pwoblèm sante ou, konsa yo kapab ba ou swen ki pi sèten epi pi konplè. Sa yo se kèk ekzanp de fason nou pataje enfòmasyon:

- Si w genyen maladi sik (dyabèt), nitrisyonis la bezwen konnen sa pou li kapab ede w planifye manje w yon fason ki pa reprezante okenn danje pou ou.
- Si w te entène lopital la, nou kapab pataje enfòmasyon avèk doktè regilye w la yon fason pou li kapab ede nou avèk swen wap bezwen aprè w soti lopital la.

#### **2. Nou kapab pataje enfòmasyon medikal ou yon fason pou nou touche pou swen nou ba ou yo.**

Pa ekzanp, nou kapab pataje enfòmasyon ou yo avèk konpayi asirans ou a yon fason pou yo kapab peye nou pou swen medikal nou ba ou. Nou kapab pataje enfòmasyon w yo tou pou nou ka mande konpayi asirans ou si li dakò avan nou kòmanse yon tretman. Nan fason sa a, nou konnen yap peye pou swen nou ba ou yo.

#### **3. Nou kapab itilize epi pataje enfòmasyon medikal ou kòm yon pati nan sa nou fè pou amelyore swen pou tout pasyan.**

Avètisman sa a disponib an Pòtigè, Espayòl, Italyen, Kreyòl ak Vyetnamiyen.  
Silvouplè rele 617-665-1426 si w bezwen yon entèprèt pou tradwi sa a pou ou nan yon lòt lang.

Pa ekzanp, pou nou fòme doktè oubyen lòt moun kap travay nan domèn sante avèk etidyan, oubyen pou nou wè kijan swen nou te ba ou avan yo te mache epi kijan nou ka amelyore yo pi devan.

#### **4. Nou kapab pataje enfòmasyon avèk Seksyon Enfòmasyon Lopital la.**

Nou kapab mete non ou, adrès ou, eta sante ou, epi relijyon ou nan lis pasyan lopital la. Nap pataje adrès ou ak eta sante ou avèk nenpòt moun ki mande pou ou pa non ou. Se sèl otorite legliz nou kite wè relijyon ou. Nou pap mete ou nan lis la si w di nou pou nou pa fè sa. Nou pap di okenn moun ke ou nan lopital la si se nan yon sant sikyatrik ou ye.

#### **5. Nou kapab itilize epi pataje enfòmasyon medikal ou paske se isit la ou jwenn swen.**

- Pou nou kontakte w pou yon randevou;
- Pou nou mande w fè yon don a *Alliance* lan. Si w pa vle pou yo fè w jan de demand sa yo, rele Biwo ki rasanble fon pou nou an nan (617) 306-8754;
- Pou nou di yon moun ki ede peye pou swen ou;
- Pou nou di fanmiy ou, bon zanmi ou oubyen lòt moun ki patisipe nan zafè swen sante ou, men se sèlman si ou ba nou otorizasyon pou nou pataje enfòmasyon sa a. Si eta sante w ou pa ta pèmèt ou ba nou otorizasyon an, nap deside fè sa nou panse kap pi bon pou ou a.; oubyen
- Pou pèmèt kèk ajans sante asire yo ke nou swiv regleman yo pou pwogram tankou Medicare oubyen Medicaid.

#### **6. Nou pataje enfòmasyon pou aktivite sante piblik.**

Pa ekzanp, tanpri gade Seksyon III.E nan avètisman sou fason nou pratik konfidansyalite.

#### **7. Nou pataje enfòmasyon pou rezon legal.**

- lè nou oblije reponn a yon lòd legal oubyen a lòt pwosedi legal
- lè lalwa oblije nou bay lapolis enfòmasyon oubyen lòt moun ki la pou fè respekte lalwa oubyen lè se pou yon gran jiri oubyen manda pou ale nan tribinal.

#### **8. Nou pataje enfòmasyon tou.**

- Avèk pwogram ki bay ògan, si wap bay oubyen si w bezwen yon ògan, zye oubyen tisi (moso vyann);
- Avèk moun kap fè ekzamen medikal oubyen envestigatè piblik pou ede idantifye yon kò oubyen jwenn koz lamò a; oubyen
- Avèk moun kap dirije antèman pou ede yo fè travay yo.

#### **9. Nou kapab itilize epi pataje enfòmasyon pou rechèch.**

Nou kapab itilize oubyen pataje enfòmasyon sou sante w (PHI) ou san nou pa mande w otorizasyon w oubyen si w dakò si Komite Revizyon Enstitisyon nou an apwouve yon otorizasyon ki di ke nou pa oblije jwenn pèmision ou.

#### **10. Nou kapab itilize epi pataje enfòmasyon sou ou.**

- Pou prevni oubyen diminye gwo menas pou ou oubyen lòt moun ;
- Si w nan lame, jan regleman lame a mande li;
- Si w ta nan prizon, avèk enstitisyon koreksyonèl la oubyen otorite ki la pou fè respekte lalwa;

- Pou bay rezilta yon ekzamen ke yon tribinal bay lòd pou fè; oubyen
- Pou obeyi la lwa pou rezon tankou sekirite nasyonal.

## **11. Nou itilize epi pataje enfòmasyon nan lòt lwa ke nou pa site anwo a.**

### **Seksyon B. Enfòmasyon nou kapab itilize epi pataje sèlman si w ba nou yon otorizasyon ekri**

**1. Pou nenpòt bagay nou pa di nan seksyon A a.** Pa ekzanp, avan nou kapab voye enfòmasyon bay konpayi asirans de vi w.

**2. Pou nou voye pwodwi pou vann ba ou.** Men, nou pa bezwen pèmasyon ekri w pou nou ba ou yon pwodwi ki pou vann lè nou fas pou fas avèk ou; oubyen si nou ba ou yon kado ki pa genyen yon gwo valè; oubyen lè nou pale w de pwodwi nou yo oubyen sèvis pou swen ou oubyen tretman ou.

**3. Pou nou itilize oubyen pataje nenpòt Enfòmasyon ke yo dwe Kenbe Sekrè Anpil.** Nou respekte lwa federal epi lwa eta yo ki mande pwoteksyon espesyal pou enfòmasyon ki dwe rete sekre lè nap itilize oubyen pataje jan de enfòmasyon sa yo. Pa ekzanp, tanpri gade Seksyon IV.C nan Avi sou fason nou sèvi avèk enfòmasyon ki dwe rete sekre.

### **Seksyon C: Ou gen dwa sou enfòmasyon medikal ou**

**1. Si w panse nou pat kenbe enfòmasyon ou sekre jan lalwa mande l la, ou gen dwa pou reklame sa.** Ou kapab kontakte Biwo Relasyon Pasyon nou an (Patient Relations Office) nan (617) 665-1398.

Ou kapab pote plent tou bay Direktè Biwo Dwa Sivil nan Depatman Sante ak Sèvis pou Moun Ozetazini (Office for Civil Rights of the U.S. Department of Health and Human Services). Pote yon plent pap chanje anyen nan fason nou trete w.

**2. Ou kapab mande nou, pa ekri, pou nou mete limit sou ki moun ki gen dwa jwenn enfòmasyon de ou menm.** Nou pa oblije dakò ak sa ou mande nou an. Si nou dakò, nap fè sa ou mande nou an a mwens ke ta genyen yon rezon ijan ki ta oblije nou pataje enfòmasyon sa a.

**3. Ou kapab mande nou, pa ekri, pou nou kontakte w an prive.** Ou pa bezwen di nou pou ki rezon ki fè ou mande nou sa.

**4. Si ou siyen yon otorizasyon, ou kapab retire otorizasyon an.** Ou dwe siyen yon fòm pou fè sa. Nou pap kapab fè anyen pou yon enfòmasyon ke nou ta deja pataje, men nou pap pataje okenn lòt enfòmasyon aprè ou fin siyen fòm nan ba nou.

**5. Ou kapab wè epi jwenn yon kopi de enfòmasyon medikal ou ke yap itilize pou pran desizyon pou yo ba ou swen.** Enfòmasyon sa yo genyen bil lopital yo tou. Ou dwe siyen yon fòm pou mande enfòmasyon sa yo nan Depatman ki kenbe Dosye Medikal yo (HIM/Medical Records Department). Si ou vle kopi, nap fè w peye yon kòb ki pa anpil pou kopi yo. Nap fè w peye tou pou lapòs la, si w vle nou poste kopi yo pou ou. Nan kèk ka, nou kapab pa pèmèt ou wè ni kopye

enfòmasyon ki nan dosye ou. Si sa ta rive, nap di w pou ki rezon. Si lalwa pèmèt li, ou kapab mande yon lòt moun pou revize demand ou a. Nap soumèt a desizyon moun ki revize demand la.

**6. Ou kapab mande nou pou nou fè chanjman nan enfòmasyon ou si ou ta panse sa nou genyen yo pa byen osinon yo pa konplè.** Ou dwe fè yon demand pa ekri epi di pou ki rezon ou vle fè chanjman yo. Nap fè chanjman yo a mwens ke nou kwè ke enfòmasyon ke w vle chanje a li konplè epi li ekzat.

**7. Ou kapab mande yon lis de tout moun oubyen kote nou te pataje enfòmasyon avèk yo epi kilè nou te pataje yo.** Fòk ou mande nou sa pa ekri. Ou kapab jwenn yon lis ki ale jiska 6 zan men ou pap ka jwenn dat ki avan 14 Avril 2003.

**8. Ou kapab jwen n yon kopi de Avi nou sou fason nou sèvi ak enfòmasyon sekre (Privacy Practices) nenpòt kilè.**

**Seksyon D: Konbyen tan Avi sou fason nou sèvi ak enfòmasyon sekre (Privacy Practices) ap dire**

**Nou kapab chanje dire avi a.** Dwa w pou enfòmasyon w rete sekre kapab chanje si lwa yo chanje. Lè sa rive, nap chanje Avi a epi nap mete li kote pou kapab li li. Nap itilize nouvo Avi a pou tout enfòmasyon nou genyen de ou. Ou kapab jwenn yon kopi de nouvo Avi a tou si w rele nan Biwo ki okipe zafè enfòmasyon sekre yo nan (617) 665-1227.

**Seksyon E: Biwo zafè Prive**

Tanpri gade nan Seksyon VII nan Avi sou fason nou sèvi ak enfòmasyon sekre pou ka jwenn adrès ak nimewo telefòn Biwo ki okipe zafè enfòmasyon sekre yo.

## **AVI SOU FASON NOU SÈVI AVÈK ENFÒMASYON SEKRÈ**

### **I. Kilès Nou Ye**

Avi sa a eksplike fason nou sèvi ak enfòmasyon sekre nan Cambridge Health Alliance (*Alliance* lan) ansanm avèk manb ki fè pati de yon sistèm sèvis swen sante ki byen òganize.

- Cambridge Health Alliance gen ladan li Lopital Cambridge, Lopital Somerville avèk Lopital Whidden Memorial, Klinik pou pasyan ki pa entène li yo, Sant Sante nan Zòn yo (neighborhood health centers), epi lòt pwogram avèk sèvis pou sante. Tanpri gade nan dènye paj Avi a pou kapab jwenn yon lis konplè de tout lokal *Alliance* lan yo.
- Depatman Sante Piblik Cambridge
- An plis de sa, gen lòt kote sa yo nou pral site la a ki patisipe avèk Cambridge Health Alliance nan sa nou rele yon sistèm sèvis swen sante ki byen òganize pou bay pasyan Cambridge Health Alliance yo sèvis sante.
  1. Doktè ki travay pou kont yo oubyen an prive avèk pwofesyonèl ki nan branch ki gen relasyon ak sante ki vin fè pati de ekip medikal Cambridge Health Alliance la pou ba ou swen sante epi amelyore kalite swen nou bay yo.

2. Pou pasyan nou yo ki se manb yonn nan plan sante nou yo (tankou Tufts Health Plan avèk Harvard Pilgrim Health Plan) Cambridge Health Alliance travay tèt kole avèk Asosyasyon Pratikan la Medsin nan Mt. Auburn Cambridge (Independent Practitioners Association) (MACIPA) avèk Partners Community Health Care, Inc. (PCHI). Oganizasyon sa yo travay avèk *Alliance* lan pou amelyore kalite swen nap ba ou a travè aktivite sa yo: amelyore kalite, itilizasyon administrasyon, kontra avèk depatman finans avèk depatman ki jere yon seri de ka.

### **Ki Moun Ki Ap Mete Avi Sa a An Pratik**

- Tout manb kap travay nan *Alliance* lan ladan yo genyen doktè yo, enfimiyè yo, lòt moun kap bay swen, lòt anplwaye, ekip manb avèk volontè
- Tout manb nan Ekip Medikal *Alliance* lan a avèk lòt moun ki patisipe nan sistèm sèvis swen sante ki byen òganize CHA la.

## **II. Obligasyon nou genyen pou nou kenbe Enfòmasyon Sante w ki Pwoteje sekre (Protected Health Information) (PHI)**

La lwa oblije nou kenbe enfòmasyon sou sante ou an sekre, epi pou nou ba ou Avi sa ki pale de devwa nou selon la lwa epi fason nou dwe kenbe an sekre Enfòmasyon Sante w ki Pwoteje (PHI). Lè nou itilize oubyen ouvri dosye ki genyen PHI ou, nou oblije swiv sa Avi sa a di (oubyen nenpòt avi nouvo ki an vigè nan moman nap itilize oubyen louvri dosye w la).

## **III. Itilizasyon avèk pataj enfòmasyon ki pa bezwen ou ba nou yon otorizasyon ekri**

CHA respekte dwa ou genyen pou enfòmasyon pèsònèl ak medikal ou rete sekre. Men, nou bezwen itilize enfòmasyon sa a pou nou kapab kontinye fè travay nap fè a epi ba ou bon kalite swen medikal. Nan kèk ka nou pral esplike nan seksyon IV la pi ba a, fòk nou jwenn otorizasyon ou pa ekri avan nou kapab itilize oubyen pataje enfòmasyon pwoteje sou sante w (PHI). Pi devan an gen yon lis de ki kalite fason nou ka itilize epi pataje enfòmasyon sa a san nou pa bezwen otorizasyon w pa ekri avan.

A. Itilizasyon oubyen pataje enfòmasyon pou tretman, pou peye bil lopital epi avèk swen medikal. Nou kapab itilize oubyen pataje PHI ou, men se pa “Enfòmasyon ki Sekre Anpil” (nap eksplike l nan seksyon IV la pi ba a), pou nou kapab fè tretman pou ou, jwenn kòb pou sèvis ke nou ba ou pou nou kontinye “travay swen sante” nou an jan nou eksplike li pi devan an:

- Tretman. Nou kapab itilize epi pataje enfòmasyon pwoteje sou sante ou pou nou kapab ba ou tretman avèk lòt sèvis, pa ekzanp, pou nou detekte epi trete yon pwoblèm oubyen yon maladi. An plis de sa, nou kapab rele w pou nou fè w sonje randevou, pou nou ba ou enfòmasyon sou lòt tretman ki posib oubyen lòt benefis ki gen relasyon avèk sante avèk lòt sèvis ki kapab nan enterè ou. Nou kapab pataje enfòmasyon w tou avèk lòt moun kap bay swen sante ki patisipe nan tretman ou.
- Peye. Nou kapab itilize epi pataje enfòmasyon ou pou nou touche kòb pou sèvis nou ba ou. Pa ekzanp, nou kapab pataje enfòmasyon w pou kapab reklame epi touche lajan nan men konpayi asirans ou, HMO, oubyen lòt konpayi ki fè aranjman oubyen peye yon pati oubyen

pou tout swen medikal ou (“Moun ki Peye Pou Ou”) pou nou asire nou ke moun sa a oubyen konpayi a ap peye pou swen medikal ou vrèman. Nou kapab pataje enfòmasyon w tou avèk lòt moun kap bay swen pou nou ede yo jwenn lajan pou sèvis ke yo ba ou.

- Travay Pou Bay Swen Sante. Nou kapab itilize epi pataje enfòmasyon ou pou travay nou nan bay swen sante, ladan yo ou ka jwenn administrasyon andedan CHA a avèk planifikasyon avèk anpil lòt aktivite ki ka amelyore kalite avèk pri sèvis ke nap ba ou yo. Pa ekzanp, nou kapab itilize enfòmasyon ou pou nou kapab wè kalite ak kapasite doktè nou yo, enfimyè nou yo avèk lòt travayè nan domèn sante a. Nou kapab pataje enfòmasyon ou tou avèk Depatman nou an ki okipe zafè Relasyon Pasyan se pou yo kapab rezoud nenpòt ki plent ou ta genyen epi tou pou yo kapab sèten ke lè w vizite nou ou santi ou byen. Nou kapab pataje enfòmasyon ou tou avèk lòt moun kap bay sèvis yon fason pou nou ede yo nan diferan kalite demach yap fè pou yo revize epi amelyore aktivite yo.

B. Itilize oubyen pataje enfòmasyon pou Lis ki genyen Enfòmasyon Pasyan ki entène nan Lopital Alliance lan yo. A mwens ke ou ta di w pa dakò oubyen ou ta entène yon kote ki ta fè moun konnen ke se tretman pou maladi mantal wap resewa oubyen tretman pou dwòg, nou kapab mete non ou, kote w ye nan lopital la, eta sante w an jeneral (pa ekzanp, byen, pa pi mal) avèk relijyon ou nan lis ki genyen enfòmasyon pasyan ki entène lopital la. Enfòmasyon ki nan lis sa a yo, nou kapab pataje yo avèk nenpòt moun ki mande pou ou pa non ou oubyen tou manb relijye (pè, pastè). Se sèl otorite legliz nap bay enfòmasyon sou relijyon ou.

C. Pataje Enfòmasyon avèk Fanmiy, Bon Zanmi, epi Lòt Moun ki Bay Swen. Nou kapab itilize oubyen pataje Enfòmasyon w avèk yon manb nan fanmiy ou, lòt fanmiy ou, bon zanmi pa ou, oubyen nenpòt lòt moun ke ou menm ou idantifye si w la pou fè sa oubyen tou si avan nou bay enfòmasyon an nou (1) genyen otorizasyon ou; (2) nou ba ou chans pou di si w pa dakò pou nou bay enfòmasyon an epi w pa di w pa dakò; oubyen (3) si lojikman nou konprann ke ou pa gen pwoblèm pou nou bay enfòmasyon an.

Si w pa la oubyen ou pa gen kapasite pou di si w dakò oubyen non nan yon sitiyasyon ijans oubyen ou pa kapab, nou kapab itilize jijman pwofesyonèl nou pou nou deside si bay enfòmasyon an ap pi bon pou ou. Si nou bay yon manb nan fanmiy ou, lòt fanmiy oubyen yon bon zanmi w enfòmasyon de ou, nap sèlman bay enfòmasyon nou kwè ki enpòtan pou patisipasyon moun sa a nan swen medikal ou oubyen nan peye bil lopital ou. Nou kapab pataje enfòmasyon w tou pou nou avèti (oubyen pou ede avèti) yon paran, zanmi oubyen moun ki abitye ba ou swen medikal regilye a de eta sante w an jeneral oubyen lamò.

D. Kominikasyon pou kolekte lajan. CHA oubyen fondasyon ki afilye ansanm avèk li yo, Fondasyon Alyans pou Sante Kominotè, Inc., kapab kontakte w pou kolekte lajan pou Cambridge Health Alliance. Nan kolaborasyon avèk nenpòt kòlèt kòb, nou kapab bay ekip nou ki ap òganize kòlèt lajan an enfòmasyon ki gen relasyon avèk ou menm (pa ekzanp non ou, adrès ou avèk nimewo telefòn ou) avèk enfòmasyon ke nou ba ou swen sante. Nou pap bay okenn lòt enfòmasyon pou zafè kolekte lajan san otorizasyon ou. Si w pa ta vle pou yo voye mande w lajan pi devan, ou kapab kontakte Biwo nou an ki responsab zafè kolekte lajan an nan (781) 306-8754.

E. Aktivite Sante Piblik. Nou kapab pataje enfòmasyon w pou kèk bagay nan sante piblik tankou: (1) pou nou bay otorite sante piblik rapò sou enfòmasyon sante avèk objektif pou yo prevni

oubyen kontwole maladi, pwoblèm oubyen enkapasite; (2) pou bay rapò sou abi kont timoun avèk neglijan, abi kont granmoun aje, avèk abi kont moun ki andikape bay otorite sante piblik oubyen lòt otorite nan gouvènman an ki otorize pou resevwa jan de rapò sa yo; (3) pou nou bay enfòmasyon sou pwodwi avèk sèvis ki sou kotwòl FDA ki se Depatman ki okipe zafè manje ak medikaman Ozetazini; (4) si nou konnen oubyen nou genyen yon rezon ki fè nou kwè ke w enfekte avèk yon maladi ke moun pran nan fè sèks, pou nou mete fiyanse ou okouran (si ou fiyanse) oubyen madanm ou **oubyen mari ou** (si w marye), oubyen paran w oubyen gadyen w (si w se yon timoun, amwens ke kòm yon timoun ou te swiv tretman nan men nou pou maladi moun pran nan fè sèks sa a); (5) pou nou bay konpayi asirans ou a oubyen Depatman ki responsab zafè Aksidan nan Travay nan Eta Massachusetts la jan lalwa mande li pou maladi ki gen relasyon avèk travay epi pwoblèm oubyen siveyans medikal nan travay; (6) pou bay enfòmasyon ki gen relasyon avèk timoun ki fèt epi bay ajans gouvènman Eta enfòmasyon sou eta sante yon timoun jan lalwa mande li; (7) pou nou ranpli yon ak desè epi bay rapò lè yon timoun mouri nan vant; epi (8) bay ajans gouvènman an enfòmasyon sou dilatasyon ki fèt aprè 24 semèn gwosès jan lalwa mande li.

F. Moun ki sibi Abi, Neglijan oubyen Vyolans Domestik. Si lalwa pèmèt, nou kapab pataje enfòmasyon ou avèk yon otorite nan gouvènman an ki gen otorizasyon, sèvis sosyal oubyen ajans ki bay sèvis pwoteksyon si nou genyen rezon pou nou kwè ke ou se viktim de abi, neglijan oubyen vyolans domestik.

G. Aktivite pou Revizyon Sante. Nou kapab pataje enfòmasyon ou avèk ajans kap sipèvize nan kolaborasyon pou yon sipèvizyon jeneral, enspeksyon, envestigasyon oubyen revizyon pou bay lisans pou yo si ke nou respekte regleman pwogram gouvènman an pou sante tankou Medicare oubyen Medicaid.

H. Demach pou Lajistis oubyen Administrasyon. Nou kapab pataje enfòmasyon sou eta sante w nan ka yon pwosè legal oubyen administratif akòz de yon lòd legal oubyen lòt pwosedi legal.

I. Otorite Ki ap Fè Respekte Lalwa. Nou kapab pataje enfòmasyon ou avèk lapolis oubyen lòt otorite ki la pou fè respekte lalwa jan lalwa mande li, oubyen pèmèt li oubyen pou nou reponn a demand yon tribinal oubyen yon gran jiri osinon yon manda pou administrasyon.

J. Nan Lanmò ou. Nou kapab pataje enfòmasyon ou avèk (1) moun kap òganize antèman an oubyen moun yo kap fè ekzamen medikal yo yon fason pou yo kapab idantifye ou oubyen jwenn koz lamò ou, oubyen lòt devwa jan lalwa otorize li; oubyen (2) Moun kap dirije antèman an pou nou kapab ede yo fè travay yo.

K. Pou bay Ògan, Zye, avèk Tisi (moso vyann). Si w se yon moun ki ap bay oubyen kandida pou resevwa ògan, zye oubyen tisi, nou kapab pataje enfòmasyon ou avèk òganizasyon ki okipe zafè bay, kenbe oubyen transplante ògan, zye ak tisi yon fason pou li kapab fè travay sa yo pi fasil.

L. Rechèch. Nou kapab pataje enfòmasyon ou san otorizasyon ou pou nou prepare yon pwojè rechèch. Nan pi fò ka, nou dwe jwenn otorizasyon ou pou nou itilize oubyen pataje enfòmasyon ou pou nou kapab fè yon rechèch. Nan kèk ka, nou kapab itilize oubyen pataje enfòmasyon ou pou nou reyalize yon pwojè rechèch san otorizasyon ou, men se sèl si Komite Revizyon Enstitisyon nou an

dakò pou ba nou yon pèmasyon pou nou pataje oubyen itilize yon kantite enfòmasyon byen limite, ladan yo ap genyen sèlman yon kantite enfòmasyon pèsònèl byen limite ki pou pèmèt yo idantifye ou.

M. Sante oubyen Sekirite. Nou kapab itilize oubyen pataje enfòmasyon ou pou nou prevni oubyen diminye yon menas grav pou sante oubyen sekirite yon moun oubyen piblik la an jeneral.

N. Fonksyon Espesyalize nan Gouvènman an. Nou kapab itilize epi pataje enfòmasyon ou avèk kèk seksyon nan gouvènman an ki genyen fonksyon espesyal, tankou lame ameriken an, Sèvis Sekrè, oubyen Depatman Deta Ameriken nan yon seri de sikonstans.

O. Rekonpans pou Travayè. Nou kapab pataje enfòmasyon ou jan lalwa mande li epi selon limit yo mande li pou nou respekte lwa Eta a ki gen relasyon avèk rekonpans pou travayè oubyen lòt pwogram konsa.

P. Lòd pou fè Ekzamen. Nou kapab pataje enfòmasyon ou si yo mande nou pou nou bay enfòmasyon sou rezilta yon egzamen ke yon tribinal oubyen yon prizon te mande nou pou nou fè.

Q. Jan La lwa Mande . Nou kapab itilize oubyen pataje enfòmasyon ou lè nou oblije fè sa pou nenpòt lòt lwa ke nou deja pale de yo nan seksyon avan yo.

#### **IV. Itilize ak Pataje Enfòmasyon ki Bezwen ou ba nou yon Otorizasyon Ekri**

A. Itilize oubyen pataje avèk otorizasyon ou. Pou nenpòt bagay ki diferan de sa nou te eksplike nan seksyon III a pi wo a, nou kapab itilize oubyen pataje enfòmasyon ou sèlman si ou ba nou otorizasyon ou pa ekri nan fòm otorizasyon nou genyen an (“Otorizasyon Pa Ou”). Pa ekzanp, wap bezwen ranpli yon fòm otorizasyon ba nou avan nou kapab voye enfòmasyon ou bay konpayi asirans vi w la oubyen bay avoka ki reprezante lòt pati ki nan litij ke w patisipe. Ou ka konprann tou ke lè nou fin bay enfòmasyon ou avèk otorizasyon w lan, nou pa gen kontwòl sou fason moun sa yo oubyen enstitisyon sa yo pral sèvi ak enfòmasyon sa a epi tou lwa sou enfòmasyon sekre yo pap kapab pwoteje enfòmasyon sa a ankò pou li rete sekre.

B. Piblisite. Nou dwe jwenn yon otorizasyon ekri nan men w avan nou itilize enfòmasyon w pou nou voye nenpòt ki pwodwi pou vann ba ou (“Otorizasyon Ou pou Piblisite”). Men, nou kapab itilize (men pa pataje avèk yon lòt moun) enfòmasyon ou pou nou ofri w pwodwi lè nou rankontre ou fas a fas san nou pa bezwen Otorizasyon Ou pou Piblisite. Nou gen dwa tou pou nou itilize (men pa pataje avèk yon lòt moun) enfòmasyon ou pou ba ou yon kado ki pa gen anpil valè lè nap fè piblisite pou yon pwodwi, si nou vle fè sa, san Otorizasyon Ou pou Piblisite. An plis de sa, nou kapab itilize (men pa pataje avèk yon lòt moun) enfòmasyon ou pou nou pale avèk ou de pwodwi oubyen sèvis ki gen relasyon avèk tretman ou, fason yo trete kèk ka oubyen kowòdone swen, oubyen lòt tretman ki posib, fòm tretman, moun kap bay oubyen òganize swen san Otorizasyon Ou pou Piblisite, epi nou kapab itilize enfòmasyon ou pou idantifye sèvis avèk pwodwi ki gen relasyon avèk sante ki kapab bon pou sante w epi lè sa a nou kapab kontakte w pou nou pale w de sèvis avèk pwodwi sa yo.

C. Itilize ak Pataje Enfòmasyon Ou ki Sekre Anpil . Lwa Federal avèk lwa nan Eta a mande pwoteksyon espesyal pou yon seri de enfòmasyon ou ki sekre anpil nan (“Enfòmasyon Ou ki Sekre Anpil”) ou jwenn (1) si w genyen VIH/SIDA; (2) tès pou enfòmasyon jenetik; (3) kominikasyon sekre avèk yon sikoterapis (moun ki bay swen sante mantal), sikològ, travayè sosyal, pwofesyonèl ki nan domèn ki gen relasyon avèk sante mantal oubyen pwofesyonèl nan sèvis pou moun; (4)

enfòmasyon sou si w nan tretman oubyen reyabilitasyon paske w pran dwòg oubyen bwè tafya; (5) enfòmasyon sou maladi moun pran nan fè sèks; (6) fòm akò pou dilatasyon; (7) enfòmasyon sou mamografi; (8) sèvis planin familyal; (9) tretman oubyen dyagnostik pou timoun ki pa laj legal (18 an); (10) enfòmasyon sou pwogram sante mantal kominotè; epi (11) rechèch sou gwo dwòg doktè kontwole. Pou nou ka ta pataje Enfòmasyon Ou ki Sekrè Anpil, pou yon rezon ki pa gen relasyon avèk tretman, peye bil lopital oubyen travay swen sante, nou dwe jwenn yon akò espesyal nan men ou a mwens ke la lwa pèmèt nou fè pataj sa a.

Si w se yon timoun ki pa gen laj legal (18 an), genyen kèk enfòmasyon ki gen relasyon avèk tretman ou oubyen dyagnostik ou ki kapab konsidere kòm “Enfòmasyon ki Sekrè Anpil” a koz de sa nou pap bay paran w oubyen gadyen ou enfòmasyon sa yo si w pa dakò. Si yon doktè gen rezon pou li kwè kondisyon w si tèlman grav ke lavi w oubyen yon manb nan kò ou an danje, nou kapab avèti paran ou oubyen gadyen ou san otorizasyon ou. Nap mete w okouran de nenpòt nan avètisman sa yo.

Si w se paran oubyen gadyen legal yon timoun ki pa gen laj legal, fòk ou konnen ke genyen kèk nan enfòmasyon medikal timoun delenkan an (oubyen, nan sèten ka, tout enfòmasyon medikal) ou pap kapab genyen aksè a yo.

## V. **Dwa Ou Sou Enfòmasyon Sante Ou ki Pwoteje**

A. **Pou plis enfòmasyon.** Si w vle gen plis enfòmasyon sou dwa w pou enfòmasyon w rete sekre ou kapab kontakte Biwo nou ki okipe zafè enfòmasyon sekre. (Gade nan seksyon VII la wap jwenn nimewo telefòn nan ak adrès la.)

B. **Pote Plent.** Si w gen pwoblèm paske w panse ke nou vyole dwa w pou enfòmasyon w rete sekre oubyen si w pa dakò avèk yon desizyon ke nou pran sou aksè a enfòmasyon ou, ou kapab kontakte Biwo nou ki okipe zafè Relasyon avèk Pasyan nan (617) 665-1398. Ou kapab ranpli yon fòm pou pote plent bay Direktè, Biwo Dwa Sivil Ozetazini Depatman Sante avèk Sèvis pou Moun nan tou. Si w mande, nap ba ou adrès Direktè a konplè. Nou pap fè diskisyon avèk ou si w pote plent ba nou oubyen bay Direktè a.

C. **Dwa pou Mande plis limit sou enfòmasyon ou.** Ou kapab mande pou genyen plis limit pou nou itilize oubyen pataje enfòmasyon ou

- (1) pou tretman, pou peye bil lopital oubyen pou aktivite swen sante,
- (2) avèk moun (tankou manb nan fanmi ou, bon zanmi oubyen nenpòt lòt moun ke ou idantifye) ki patisipe nan ba ou swen oubyen nan peye dèt ki gen relasyon a swen sante ou, oubyen
- (3) pou avèti oubyen ede avèti jan de moun sa yo de kote w ye epi kijan w ye an jeneral.

An menm tan nap pote anpil atansyon a tout demand pou mete plis limit sou enfòmasyon yo, nou pa oblije dakò a tout demand yo. Si w vle mande pou nou mete limit anplis, tanpri pran yon fòm demand nan Depatman Enfòmasyon Medikal epi ranpli fòm nan bay Depatman Enfòmasyon medikal la. Nap voye yon repons ekri ba ou.

D. **Dwa pou resevwa kominikasyon prive.** Ou kapab fè yon demand, epi nan kèk ka nou kapab fè aranjman, pou nenpòt demand pa ekri ki genyen yon bon rezon pou nou kontakte ou nan yon lòt kote diferan de adrès nou genyen nan dosye w la oubyen itilize lòt mwayen kominikasyon. Demand ou a ta dwe fèt pa ekri epi li dwe genyen fason ekzat nou dwe kontakte ou.

E. Dwa pou Retire Otorizasyon Ou. Ou kapab retire Otorizasyon Ou, Otorizasyon Ou pou Piblisite oubyen nenpòt otorizasyon ekri ke nou te genyen an rapò avèk Enfòmasyon ou ki Sekrè Anpil, eksepte nan ka kote nou pran desizyon ki depann de li, e lè sa nap bezwen bay Biwo ki okipe zafè Enfòmasyon sekre ke nou pale de li pi ba a yon deklarasyon pou retire otorizasyon an pa ekri. Wap jwenn yon fòm ekri pou retire yon otorizasyon si ou mande li nan Depatman ki responsab Enfòmasyon Medikal yo.

F. Dwa pou revize epi fè yon kopi Enfòmasyon sou Sante w. Ou kapab mande pou genyen aksè a enfòmasyon medikal epi sou bil lopital ou ki nan men nou pou kapab revize epi mande yon kopi de enfòmasyon ou. Nan yon seri de sikonstans, nou kapab refize ba ou aksè a yon pòsyon nan enfòmasyon ou yo. Si nou refize ba ou aksè a yon pòsyon nan enfòmasyon ou yo, nap di w pou ki rezon epi wap genyen chans pou gen yon lòt moun pou revize demand ou a. Si w ta renmen genyen aksè a enfòmasyon ou, pran yon fòm pou demand aksè a enfòmasyon nan Depatman ki responsab zafè Enfòmasyon Medikal yo. Si ou mande kopi, nap mande w pou peye yon lajan ki pa anpil. Nap mande w pou peye tou pou frè lapòs yo, si ou mande pou nou poste kopi yo voye pou ou.

Ou dwe konnen, si w se paran oubyen gadyen legal yon timoun, genyen yon pòsyon nan enfòmasyon medikal timoun nan ke ou pap kapab genyen aksè a yo, pa ekzanp, enfòmasyon ki genyen relasyon avèk dilitasyon, medikaman pou li pa ansent epi/oubyen planin famiyal, avèk lòt pwoblèm swen sante ke lalwa pwoteje.

G. Dwa pou Mande pou Fè Chanjman Nan Enfòmasyon Ou. Ou genyen dwa pou mande pou nou korije, chanje oubyen efase kèk Enfòmasyon Sante w ki pwoteje ke nou genyen nan dosye nou, peye lajan, demand lajistri fè, epi enfòmasyon sou òganizasyon medikal oubyen yon ka, oubyen lòt enfòmasyon ki kapab sèvi pou pran desizyon pou ou oubyen swen sante ou si w panse ke enfòmasyon an pa kòrèk oubyen pa konplè. Si w ta renmen nou fè yon chanjman nan enfòmasyon ou, pran yon fòm demand chanjman nan Depatman ki responsab Enfòmasyon medikal yo epi ranpli fòm nan remèt li nan Depatman ki responsab Enfòmasyon medikal yo. Si nou pa kapab oubyen nou pa kwè ke li bon pou nou ta fè chanjman nan enfòmasyon ou, nap ekri w pou nou mete w okouran de desizyon nou. Lè sa a wap gen chwa pou mande pou yo mete demand chanjman/koreksyon nan enfòmasyon ou nan Enfòmasyon Sante w ki Pwoteje osinon ou ka mande pou genyen yon lòt pati ki revize desizyon nou an. Nou pa kapab chanje enfòmasyon ke nou pat kreye san nou pa jwenn enfòmasyon oubyen enstriksyon nan men moun ki te kreye yo a pou nou fè sa.

H. Dwa Pou Jwenn Yon Lis Tout Pataj Nan Enfòmasyon Ou. Ou genyen dwa pou jwenn yon lis de tout moun oubyen kote nou te pataje enfòmasyon avèk yo epi kilè nou te pataje li. Repons nou an pap genyen itilizasyon oubyen pataj ki genyen relasyon avèk tretman, peye bil lopital oubyen aktivite pou swen sante oubyen itilizasyon oubyen pataj ou te siyen yon otorizasyon ekri pou yo. Ou kapab jwenn yon lis tout pataj ki pa antre nan sa nou sot di yo ke nou te fè nan nenpòt epòk avan dat demand ou a ki dwe di epòk ou bezwen an ki pa depase 6 zan epi li pap sèvi pou pataj ki te fèt avan 14 Avril 2003. Si w mande yon lis tout pataj nan enfòmasyon ou plis ke yon fwa nan douz (12) mwa, nap mande w pou peye yon kòb ki pa anpil pou chak demand anplis.

I. Dwa Pou Resevwa Yon Kopi Avi sa a. Si w mande, ou kapab jwenn yon kopi Avi sa a, menm lè avan sa ou te di ou te dakò pou yo te voye l ba ou pa e-mail.

## VI. Tan Avi a ap Dire

Dwa pou Chanje Tan Avi sa a ka Dire. Nou kapab chanje tan Avi sa a ka dire nenpòt lè. Si nou chanje Avi sa a, nou kapab mete yon nouvo Avi deyò pou Enfòmasyon sante Pwoteje ki nan men nou, tankou nenpòt enfòmasyon nou te kreye oubyen resevwa avan nouvo Avi a ta soti. Si nou chanje Avi sa a, nap mete nouvo Avi a yon seri de kote nan Cambridge Health Alliance avèk nan paj Entènèt nou an nan [www.challiance.org](http://www.challiance.org). Ou kapab jwenn nenpòt nouvo Avi si w kontakte Biwo ki okipe zafè Enfòmasyon sekre yo.

## VII. Biwo ki okipe zafè Enfòmasyon sekre (Privacy Office)

Ou kapab kontakte Responsab Biwo ki okipe zafè Enfòmasyon sekre nan *Alliance* lan a si w rele nan (617) 665-1227 oubyen ekri nan:

Privacy Office  
Cambridge Health Alliance  
432 Columbia Street, Suite 15-16C  
Cambridge, MA 02141

Pou jwenn kopi otorizasyon, chanjman oubyen lòt fòm, tanpri kontakte Depatman ki responsab zafè Enfòmasyon Medikal yo kote w te jwenn swen an.

### Lokal Cambridge Health Alliance yo ak Ki Kote yo ye

#### LOPITAL YO

The Cambridge Hospital  
1493 Cambridge Street  
Cambridge, MA 02139

Somerville Hospital  
230 Highland Avenue  
Somerville, MA 02143

Whidden Memorial Hospital  
103 Garland Street  
Everett, MA 02149

#### SANT SANTE AK BIWO KI NAN CAMBRIDGE YO

Cambridge Birth Center  
10 Camelia Avenue  
Cambridge, MA 02139

Cambridge Family Health  
237 Hampshire Street  
Cambridge, MA 02139

Cambridge Family Health- North  
2067 Mass. Avenue  
Cambridge, MA 02140

Cambridge Public Health Dept  
119 Windsor Street  
Cambridge, MA 02139

East Cambridge Health Center  
163 Gore Street  
Cambridge, MA 02141

Elder Service Plan of the Alliance  
270 Green Street  
Cambridge, MA 02139

Institute for Community Health  
119 Windsor Street  
Cambridge, MA 02139

Macht Building  
16 Camelia Avenue  
Cambridge, MA 02139

North Cambridge Health Center  
266 Rindge Avenue  
Cambridge, MA 02140

Oliver Farnum Senior H. C.  
806 Massachusetts Avenue  
Cambridge, MA 02139

Riverside Health Center  
205 Western Avenue  
Cambridge, MA 02139

Teen Health Center  
459 Broadway  
Cambridge, MA 02138

Windsor Street Health Center  
119 Windsor Street  
Cambridge, MA 02139

**SANT SANTE AK BIWO KI NAN SOMERVILLE YO**

Administrative Offices  
10 Beacon Street  
Somerville, MA 02143

Administrative Offices  
120 Beacon Street  
Somerville, MA 02143

Administrative Offices  
65 Beacon Street  
Somerville, MA 02143

Broadway Health Center  
300 Broadway  
Somerville, MA 02143

East Somerville Health Center  
42 Cross Street  
Somerville, MA 02145

CHA Eye Center  
65 Beacon Street  
Somerville, MA 02143

Central Street Health Center  
26 Central Street  
Somerville, MA 02143

Healthcare for the Homeless  
230 Lowell Street  
Somerville, MA 02143

Medical Arts Building  
230 Highland Avenue  
Somerville, MA 02143

Somerville Teen Connection  
81 Highland Avenue  
Somerville, MA 02143

Union Square Family Health  
337 Somerville Avenue  
Somerville, MA 02138

**SANT SANTE AK BIWO KI NAN EVERETT, MEDFORD AK REVERE**

Anna May Powers Health Center  
(George Keverian School)  
28 Nichols Street  
Everett, MA 02149

Broadway Medical Associates  
454 Broadway  
Revere, MA 02152391

Everett Health Center  
(Whidden Medical Offices)  
Broadway, Suite 204  
Everett, MA 02149

Mystic Center  
Administrative Offices  
10 Presidents Landing  
Medford, MA 02155